



Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE 40,000 BOUTÈY DLO POTAB BAY KONTE WASHINGTON APRE LIY PRENSIPAL DLO PETE**

*Pandan y ap ranje dlo nan pita nan Jedi, avi pou bouyi dlo rete anvigè epi Gouvènè a ap mande rezidan pou yo itilize dlo potab pwòp*

*Gouvènè a raple Nouyòkè pou yo rete prepare pou inondasyon alaswit tanperati cho ak lapli nan Jedi*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te deplwaye 40,000 boutèy dlo pou sipòte rezidan alaswit yon liy dlo prensipal te pete nan vil Greenwich nan Konte Washington. Pandan yo te restore dlo nan fen sware Jedi bay apeprè 5,000 moun ki te afekte, yon avi pou bouyi dlo rete anvigè epi Gouvènè a ap mande rezidan pou yo itilize dlo potab nan boutèy nan kad prekosyon adisyonèl.

“Lè dezaz frape, premye priyorite nou se asire sante ak sekirite Nouyòkè, epi nou pral toujou antre an aksyon pou asire kominote jwenn sipò yo bezwen an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Anplis de ofri dlo potab pwòp bay plizyè milye moun nan Konte Washington, nou nan yon kowòdinasyon kole-kole ki kontini ak fonksyonè lokal yo epi nou prepare pou imedyatman ofri asistans adisyonèl si nesèsè.”

Aprè nou te resevwa notifikasyon ripti a, fonksyonè eta ak lokal te imedyatman kòmanse kowòdone pou idantifye bezwen atravè kominote a epi deplwaye resous nesèsè yo pou kenbe piblik la ansekirite. Aprè konfimasyon anplè ripti a, yo te jwenn 40,000 boutèy dlo nan men rezèv ijans eta a nan Guilderland epi yo te kòmanse transpòte yo nan Greenwich.

Aprè tanperati cho nan Jedi yo nan kòmansman jounen an, Nouyòkè te fè fas ak yon menas grandisan pou inondasyon akòz blòk glas toupre pon, koub rivyè, ekliz, ak lòt zòn ankonbreman potansyèl olon rivyè ak sous. Ankonsekans, Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) te pibliye avètisman inondasyon pou majorite eta a, sa enkli Konte Washington. Moun New York ta dwe prete yon atansyon espesyal ak rapò tan yo pou rete ajou ak dènye enfòmasyon yo. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la. New York kanpe pou l deplwaye pèsonèl ak ekipman Softaj Rapid pou Dlo si asistans eta a nesèsè.

Ajans eta a prepare ak resous k ap swiv la yo pou asiste kominote atravè eta ki gen kèlkeswa pwoblèm inondasyon akòz blokaj glas.

**Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Department of Homeland Security and Emergency Services)**

Dis antrepo rejyonal nan eta a yo prepare pou deplwaye resous kle yo pou asiste nan nenpòt pwoblèm inondasyon. Aktyèlman, antrepo yo ekipe ak:

- Plis pase 730 dèlko
- Prèske 1,300 ponp
- Plis pase 2 milyon sak sab
- 19 machin pou ranpli sak sab
- Baraj akwatik (Aqua Dam) ki mezire 6,771 pye

### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò ap siveye depre tout lokal pou blokaj glas ak inondasyon potansyèl. Depatman pral kontinye netwaye kanal evakyasyon pou asire kondisyon inondasyon pa monte epi yo netwaye blokaj potansyèl yo rapidman. Nan Sauquoit Creek nan Mohawk Valley, Depatman an deplase yon pèltez ak lòt ekipman pou jere inondasyon nan zòn lan epi li ap transpòte tou yon pèltez ki gen bra long soti nan Southern Tier al nan Mohawk Valley.

### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Staf Otorite Thruway ap aktivman enspekte sistèm drenaj epi siveye inondasyon potansyèl. Staf yo pare pou reponn a nenpòt ki pwoblèm inondasyon atravè eta a, avèk plis pase 664 operatè ak sipèvizè, 16 pèltez ant piti ak mwayen, 260 chasnèj/kamyon fatra, gwo chajè, ak plizyè tablo VMS pòtab, poto limyè pòtab, dèlko ki pi piti, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman, ansam ak siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt ki detou oswa fèmeti.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)**

DEC ap kontwole previzyon sou nivo dlo yo ak mezi inondasyon yo sou rivyè, kouran dlo, ak wiso, pou evalye risk inondasyon epi reyaji si ta vin gen inondasyon. Plis pase 100 Ofisye Lapolis DEC Ajans Konsèvasyon Anviwònmanal la, Gad Forè Eta yo, enjenyè dlo, pèsònèl repons debòdman yo, ak pèsònèl jesyon ijans yo prè pou yo reponn rapidman a nenpòt debòdman oswa operasyon rechèch ak sekou yo bezwen pandan nivo dlo inondasyon yo ap monte.

### **Canal Corporation**

NYPA kontinye ap siveye kondisyon yo epi yo rete an kontak dirèk ak fonksyonè jesyon ijans yo.

Canal Corporation lan kontinye rete an kominikasyon ak antite enèji idwo-elektrik ki sou Sistèm Kanal eta a yo konsènan chanjman yo ak kondisyon yo ansanm ak danje k ap devlope yo atravè piblikasyon. Canal Corporation te pran aksyon prevantif nan tout eta a pou diminye enpak inondasyon potansyèl atravè sistèm lan epi staf yo ap siveye depre lokal blokaj glas rekoni yo, sa enkli lokal yo rekonèt olon Rivyè Mohawk.

Canal Corporation gen yon kontraktè ki disponib pou voye nan Ekliz 8-10 Kanal Erie nan konte Schenectady ak Montgomery pou retire blòk glas ki akimile ki kole ak ekliz yo si sa te vini rive.

### **Lapolis Eta New York (New York State Police)**

Patwouy Eta a ap ede ak sitiyoasyon inondasyon kontini nan Whitesboro, nan Konte Oneida, epi y ap siveye tou olon rivyè ak sous ki gen tandans pou gen blokaj glas ak

inondasyon nan lòt zòn ki afekte. Manm Patwouy yo pare pou yo deplwaye sizoka ta vin gen inondasyon. Tout veyikil kat-pa-kat yo ansèvis, epi motonèj, Veyikil Misyon Itilite ak bato rete prè pou deplwaman si nesèsè.

### **Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon**

Men konsèy sekirite nan kad preparasyon pou inondasyon:

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye – ansanm ak dokiman foto ak videyo ki ka genyen -- tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la
- Kenbe sou lamèn yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiyaasyon ijans
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyaasyon ijans
- Verifye kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo sou [www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm](http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)